



PLAN PREPARASYON FANMI ETAP PA ETAP

*Kijan fanmi imigran yo kapab pi byen prepare
pou sitiyasyon ki gen rapo ak*

FEVRIYE 2026

Chak fanmi ta dwe genyen yon plan preparasyon pou ijans. Pou fanmi imigran yo, li enpòtan anpil pou yo reflechi davans epi prepare yon plan ki pi detaye pou sitiyasyon ijans ki kapab rive akòz kestyon imigrasyon. Pou ede w fè sa, nou prepare gid sa a. Li bay enfòmasyon detaye sou diferan opsyon swen timoun si yon paran pa disponib, fason pou jwenn sèvis imigrasyon ki fyab nan kominote w la, ansanm ak fason pou prepare tèt ou pou egzèse dwa konstitisyonèl ou lè w ap fè fas ak yon ajan imigrasyon. Pou jwenn plis resous sou imigrasyon pou kominote a, vizite: ilrc.me/resources.

PATI I: FÈ YON PLAN POU SWEN TIMOUN

CHWAZI YON MOUN KI PRAL PRAN SWEN PITIT OU SI OU PA DISPONIB

Moun ou chwazi pou pran swen pitit ou si ou pa disponib ta dwe yon moun ou menm ak pitit ou fè konfyans. Li enpòtan pou nou pale davans sou sa nou espere nan men moun sa a. Diskite avèk li si swen an ta dwe pou yon kout peryòd oswa pou yon peryòd ki pi long, ansanm ak kiyès ki pral pran responsablite depans ki gen rapò ak swen timoun nan.

DESIDE KI KALITE PLAN SWEN TIMOUN OU VLE METE AN PLAS

Gen plizyè fason pou prepare pou yon lòt granmoun pran swen pitit ou si ou pa kapab fè sa. Kèk nan opsyon ki disponib yo, sitou nan Eta Kalifòni, se sa ki annapre yo:

1. **Akò Vèbal:** Pi senp fason pou fè yon plan se fè yon akò vèbal avèk moun ou chwazi pou pran swen pitit ou. Di moun nan ki sa ou vle pou pitit ou epi dakò ansanm ke li pral respekte volonte ou si ou pa kapab pran swen pitit ou. Avantaj yo: Ou pa bezwen ranpli

kontinye..

okenn fom oswa dokiman legal. Ako a fasil pou fet epi li pa koute anyen Li pa chanje dwa ou kom paran. Menm si pa gen okenn obligasyon legal pou ekri akò a, li rekòmande pou ekri non moun ou chwazi a epi mete enfòmasyon sa a nan dosye dokiman enpòtan ou yo (gade **Anèks yo**). Dezavantaj yo: Moun ou chwazi a pap gen otorite legal pou pran desizyon medikal oswa desizyon ki gen rapò ak lekòl pou pitit ou. Sa kapab kreye pwoblèm si ou pa disponib pandan yon peryòd ki long. Yon paran oswa gadyen legal kapab ekri yon lèt ki bay yon lòt granmoun pèmasyon pou dakò ak tretman medikal oswa dantè pou pitit la. Men, nou rekòmande pou verifiye davans ak doktè oswa sant medikal la pou konnen ki dokiman yo egzije.

2. **Deklarasyon Otorizasyon Moun K Ap Pran Swen Timoun nan (Caregiver's Authorization Affidavit – “CAA”):** Yon lòt opsyon ki disponib nan Kalifòni se mande moun ou chwazi pou pran swen pitit ou a non sèlman dakò vèbalman, men tou ranpli yon **Deklarasyon Otorizasyon Moun K Ap Pran Swen Timoun nan (Caregiver's Authorization Affidavit (“CAA”), Authorization Affidavit – “CAA”)**. Dokiman sa a pèmèt moun nan pran sèten desizyon ki gen rapò ak lekòl ak swen medikal pitit ou. Avantaj yo: CAA a se yon fom ki senp pou ranpli. Ou kapab remèt li lekòl pitit ou oswa founisè swen sante li. Moun ou chwazi a kapab pran kèk desizyon pou pitit ou. Ou **pa pèdi dwa ou kòm paran**. Ou toujou kenbe gad legal ak responsablite sou pitit ou. Paske lwa Eta Kalifòni kreye fom sa a, lekòl ak founisè swen sante yo dwe aksepte li. Nan **Pati IV** gid sa a, w ap jwenn: Enstriksyon pou ranpli CAA a. Repons pou kesyon moun poze souvan. Yon kopi fom ou kapab itilize. **Enpòtan:** CAA ki nan gid sa a **sèlman valab nan Eta Kalifòni**.
3. **Nonmen yon Moun Pou Vin Gadyen oswa Ko-Gadyen Pitit Ou Si Sa Vin Nesesè.** Opsyon ki pi fòmèl la se mande tribinal la pou nonmen yon gadyen pou pitit ou. Yon gadyen legal (guardian) se yon moun tribinal bay otorite legal pou pran swen yon timoun. Nan Kalifòni, genyen kounye a de kalite gadyen:

- Gadyen Tradisyonèl (Traditional Guardianship)

kontinye..

- **Ko-Gadyen (Joint Guardianship)**

Pou youn oswa lòt la, sèl bagay ou bezwen fè depi kounye a se ranpli yon fòm pou nonmen moun ou chwazi a kòm gadyen oswa ko-gadyen pitit ou si sa ta vin nesesè.

Gadyen Tradisyonèl (Traditional Guardianship): Lè Tribinal Pwobasyon Kalifòni nonmen yon gadyen, moun sa a resevwa tout responsablite legal ak fizik sou timoun nan. Li kapab pran tout desizyon ki nesesè pou pitit la. Sa **pa retire dwa ou kòm paran**, men dwa sa yo sispann pandan gadyen legal la an vigè. Yon dezavantaj se ke si ou mande tribinal la mete fen nan gadyen legal la, se jij la ki deside si li nan enterè timoun nan pou fè sa.

Ko-Gadyen (Joint Guardianship): Dapre yon nouvo lwa Kalifòni ki antre an aplikasyon 1ye janvye 2026, ou kapab nonmen moun ou chwazi a kòm ko-gadyen ansanm avèk ou si sa vin nesesè. Nan yon ko-gadyen: Paran an ak yon lòt granmoun pataje responsablite legal sou timoun nan. Tou de kapab pran desizyon pou timoun nan. Opsyon sa a disponib lè yon paran pa disponib tanporèman, tankou nan yon sitiyasyon ki gen rapò ak imigrasyon. Avantaj Ko-Gadyen an: Si ou mande tribinal la mete fen nan ko-gadyen an paske li pa nesesè ankò, lalwa sipoze sa pi bon pou timoun nan, sof si gen prèv ki montre kontrè a. Yon lòt avantaj se ke tout dosye ak dokiman ki gen rapò ak pwosedi ko-gadyen an rete konfidansyèl, jan lwa Eta Kalifòni egzije.

Nan Kalifòni, ou pa kapab bay yon lòt moun gad legal pitit ou enfòmèlman oswa atravè yon Pwokirasyon (Power of Attorney). Se tribinal eta a sèlman ki gen otorite pou fè sa. Sepandan, ou kapab prepare Fòm GC-211 pou nonmen yon moun espesifik kòm gadyen pitit ou. Si yon demann pou gadyen legal fèt pi devan (kit se gadyen tradisyonèl oswa ko-gadyen), tribinal la ap egzamine Fòm GC-211 epi l ap bay volonte ou konsiderasyon jan lalwa prevwa. Ou kapab tou fè nonminasyon an vin valab sèlman si yon sèten evènman rive, tankou: yo mete ou an detansyon pa ICE; oswa. Yo depòte ou. Pou fè sa, ou dwe ranpli atachman ki vini avèk Fòm GC-211 epi presize ki sikonstans ki pral fè nonminasyon an antre an aplikasyon. Si ou vle moun ou chwazi a mande pou yon Ko-Gadyen (Joint

kontinye..

Guardianship), ou dwe endike sou Fòm GC-211 ki sikonstans ki pral aktive nonminasyon an, tankou detansyon oswa depòtasyon pa ICE. Enpòtan: Bay yon lòt moun otorite legal pou pran swen pitit ou se yon desizyon ki trè enpòtan. Nou rekòmande pou pale ak yon avoka oswa yon òganizasyon sèvis legal ou fè konfyans anvan ou pran desizyon sa a.

NÒT SOU PWOKIRASYON (POWER OF ATTORNEY)

Yon Pwokirasyon (Power of Attorney) se yon dokiman alekri ou siyen pou bay yon lòt moun otorite pou aji nan non ou pou kèk bagay espesifik. Pa egzanp, yon pwokirasyon kapab pèmèt yon moun:

- *jere finans ou;*
- *pran desizyon pou biznis ou;*
- *itilize lajan ou pou peye lwaye oswa ipotèk ou;*
- *itilize lajan ou pou pran swen pitit ou;*
- *fè lòt aksyon menm jan an.*

Nan Eta Kalifòni, nou pa rekòmande pou itilize yon Pwokirasyon pou bay yon lòt moun responsablite pou pran swen pitit ou. *Malgre yon pwokirasyon ka itil nan lòt eta, nan Kalifòni li pa kapab transfere gad legal timoun ou bay yon lòt moun. Se tribinal eta a sèlman ki gen otorite sa a.*

EKRI ENSTRIKSYON SI PITIT OU GEN PWOBLEM SANTE AK/OSWA LI PRAN MEDIKAMAN

Asire ou ekri enfòmasyon sa yo: tout pwoblèm sante pitit ou genyen; tout alèji li genyen; tout medikaman li pran; non doktè li; enfòmasyon sou asirans sante li. Kenbe yon kopi enfòmasyon sa yo ansanm ak lòt dokiman enpòtan ou yo. Bay yon kopi tou: lekòl pitit ou; moun ou chwazi pou pran swen pitit ou. Fè pitit ou konnen kote enfòmasyon sa yo ye pou li ka jwenn yo si ou pa disponib. Kenbe yon kopi enfòmasyon sa a nan dosye dokiman enpòtan ou yo. Bay yon kopi lekòl pitit ou a ak granmoun ou chwazi a pou pran swen pitit ou a. Fè pitit

kontinye..

ou konnen ki kote pou jwenn enfòmasyon sa a si ou pa la.

ASIRE TOUT PITIT OU GEN PASPÒ

Si pitit ou fèt Ozetazini, vizite: www.travel.state.gov pou jwenn enfòmasyon sou fason pou aplike pou yon paspò ameriken. Si pitit ou fèt nan yon lòt peyi, kontakte anbasad oswa konsila peyi sa a pou konnen kijan pou jwenn yon paspò.

METE ENFÒMASYON IJANS LEKÒL LA AJOU

Asire w lekòl pitit ou ak nenpòt lòt sèvis gadri toujou genyen dènye lis kontak ijans ou yo. Si ou pa kapab vin chèche pitit ou, lekòl la dwe eseye kontakte tout moun ki sou lis kontak ijans lan anvan li kontakte sèvis pwoteksyon timoun.

FÈ FANMI W AK KONTAK IJANS YO KONNEN KIJAN POU YO JWENN OU SI ICE METE W AN DETANSYON

Fanmi ou kapab itilize sistèm rechèch moun ki nan detansyon ICE a pou jwenn kote ou ye: <https://locator.ice.gov/odls/#/> Asire fanmi ou ak kontak ijans ou yo genyen yon kopi Nimewo A (A-Number) ou, si ou genyen youn. Nimewo A a se nimewo enskripsyon ki parèt sou dokiman imigrasyon ou yo.

PALE AK FANMI W SOU PLAN AN

San ou pa fè timoun yo pè, eksplike yo ke si nenpòt sitiyasyon rive kote ou pa kapab pran swen yo—menm pou yon ti tan—yo pap rete san moun pou okipe yo.

PATI II: KONNEN OPSYON IMIGRASYON OU YO

KI KOTE POU JWENN YON FOUNISÈ SÈVIS LEGAL OU KAPAB FÈ KONFYANS NAN ZÒN OU AN

Jwenn bon konsèy legal nan men yon pwofesyonèl ou fè konfyans realmen enpòtan! lè w ap prepare yon plan pou fanmi w, paske li kapab pi byen evalye si ou kalifye kounye a pou nenpòt benefis oswa opsyon imigrasyon ki disponib. Rezo Immigration Advocates Network la genyen yon Rejis Nasyonal Sèvis Legal Imigrasyon ki bay lis òganizasyon san

kontinye..

bi likratif ki ofri sèvis legal imigrasyon gratis oswa a pri ki ba. Vizite: ilrc.me/findhelp:

ilrc.me/findhelp

KONPRANN KIYÈS KI GEN DWA BAY KONSÈY SOU IMIGRASYON

Pi bon fason pou evite fwod oswa move reprezantasyon legal se chèche moun oswa òganizasyon ki satisfè tout kondisyon lalwa egziye. Sa pa toujou fasil si ou pa konnen ki kote pou kòmanse oswa ki sèvis yon reprezantan legal gen dwa bay. **Gen de kategori moun ki gen dwa bay konsèy legal nan dosye imigrasyon:**

- **Avoka (Attorneys):** Pou pratike lwa imigrasyon Ozetazini, yon avoka dwe genyen yon lisans legal ki valab nan omwen yon eta epi li dwe rete an bon pozisyon ("good standing") avèk Asosyasyon Avoka (Bar Association) nan eta kote li gen lisans lan. Yon avoka gen dwa bay konsèy legal, prepare epi soumèt petisyon ak aplikasyon imigrasyon, epi reprezante kliyan devan jij imigrasyon pandan odyans yo. Ou kapab verifye lisans yon avoka atravè **Bar Association** nan eta kote li gen lisans lan. Depatman Jistis Etazini (Department of Justice) kenbe tou yon lis avoka ki pa gen dwa pratike ankò:

<https://www.justice.gov/eoir/list-of-currently-disciplined-practitioners>.

- **Reprezantan Depatman Jistis ki Akredite (DOJ accredited representatives):** Yon Reprezantan DOJ Akredite se yon moun ki pa avoka, men Depatman Jistis Etazini sètifye pou ede moun nan keston imigrasyon. Moun sa a dwe travay avèk yon òganizasyon san bi likratif Depatman Jistis rekonèt. Yon reprezantan ki akredite kapab bay konsèy legal, prepare aplikasyon imigrasyon, epi, si li resevwa akreditasyon konplè, li kapab reprezante kliyan pandan pwosedi imigrasyon.

KISA OU DWE ATANN DE YON REPREZANTAN LEGAL

A Yon pwofesyonèl sèvis legal gen obligasyon pou reprezante kliyan li yo avèk konpetans ak dilijans. **Men kèk estanda ou ta dwe atann:**

- **Siye yon kontra:** Ou ta dwe resevwa yon kontra alekri ki esplike sèvis yo pral ba ou anvan ak frè yo pral mande w peye, si genyen.

kontinye..

- **Reprezantan legal la dwe :** Kenbe ou enfòmè sou pwogrè dosye ou. Li dwe eksplike ki benefis imigrasyon ou kalifye pou li, kijan pwosesis aplikasyon an fonksyone, epi reponn tout kesyon ou genyen.
- **Resevwa kopi tout dokiman yo :** Soumèt pou ou ansanm ak kopi tout resi oswa avi gouvènman voye. Yo pa dwe janm refize ba ou kopi dosye ou. Nan pifò ka yo, yon avoka pa ta dwe fè w peye pou resevwa yon kopi dosye ou, sof si sa te deja prevwa nan kontra orijinal la.

PART III: KONNEN DWA OU YO

Tout moun—kit yo gen dokiman imigrasyon oswa yo pa genyen—gen dwa nan peyi sa a. Pale ak tout moun nan fanmi ou, ansanm ak tout moun ki rete lakay ou (tankou timoun yo), pou asire yo konnen sa pou yo fè si ajan imigrasyon (ICE) pale avèk yo oswa si ICE vini lakay ou.

ICE DEVAN PÒT OU. KISA OU DWE FÈ?

- **Ou gen dwa pou pa louvri pòt la pou ajan ICE oswa nenpòt lòt polisye si yo pa gen yon manda tribinal ki siyen.** Ou pa oblije louvri pòt la sof si yon ajan ICE montre ou yon manda yon jij siyen ki gen non ou ak adrès ou ekri kòrèkteman sou li.
- Ou kapab mande ajan ICE yo glise manda rechèch la anba pòt la oswa montre li atravè yon fenèt. Verifye manda a pou asire li siyen pa yon jij epi li gen adrès ou sou li.
- Si ICE oswa lapolis pa gen yon manda ki satisfè kondisyon sa yo, ou pa oblije louvri pòt la. **the door. Sonje byen, depi ou louvri pòt la, ou ka pèdi kèk nan dwa legal ou yo.**

kontinye..

Toujou kenbe yon Kat Wouj "Konnen Dwa Ou" (Know Your Rights Red Card) sou ou epi toupre pòt lakay ou. Kat sa a eksplike dwa ou epi li ede fè ajan ICE konnen ou konnen epi w ap egzèse dwa ou yo. Li fè konnen tou ou pa oblije louveri pòt la sèlman paske ICE frappe, Ou kapab glise kat la anba pòt la, montre li atravè fenèt la, oswa li bò ki ekri an angle a pou ajan ICE yo. Ou kapab sèvi ak kat wouj la si ICE kanpe ou nan lari oswa si yo vini lakay ou. Fè pitit ou ak lòt manm fanmi ou pratike fason pou montre oswa glise kat la anba pòt la. Ou kapab telechaje epi enprime kat sa a nan plizyè lang sou ilrc.org/redcards.




LÈ W AP PALE AK ICE. KISA OU DWE FÈ?

- **You Ou gen dwa rete an silans epi ou kapab refize reponn kesyon ajan ICE yo.**

Ou kapab di w ap egzèse dwa ou pou rete an silans epi mande pou pale ak yon avoka. Si ICE kanpe ou nan lari, ou kapab mande yo si ou lib pou ale.

Ou pa oblije reponn okenn kesyon, sitou kesyon sou kote ou fèt, estati imigrasyon ou oswa fason ou antre Ozetazini. **Ou pa oblije**

bay okenn enfòmasyon pèsònèl sou tèt ou oswa sou nenpòt moun nan fanmi ou. Fè pitit ou ak tout moun ki rete lakay ou pratike di "Non" lè ajan ICE poze kesyon. Ajan imigrasyon yo ka ensiste oswa eseye fè ou pè, men lalwa pwoteje dwa ou.



- **Ou gen dwa refize siyen nenpòt dokiman anvan ou pale ak yon avoka.** . Pa janm siyen yon dokiman ou pa konprann oswa ou pa dakò avèk li. Si ou siyen li, ou ka pèdi dwa pou pale ak yon avoka oswa pou prezante dosye ou devan yon jij imigrasyon. Sa kapab lakòz yo depòte ou touswit san okenn odyans. Si ou vle rete Ozetazini, mande pou parèt devan yon jij imigrasyon

kontinye..

- **Ou gen dwa pale ak yon avoka epi ou gen dwa fè yon apèl telefòn.** Asire ou memorize oswa toujou pote nimewo telefòn moun ou pral rele si gen yon ijans. Pi bon chwa a se yon moun ki kapab mete plan ou yo an aplikasyon, kontakte avoka imigrasyon ou, epi jwenn dokiman enpòtan ou yo.

DOKIMAN OU DWE POTE AK DOKIMAN OU PA DWE POTE:

- toujou pote yon Kat Wouj "Konnen Dwa Ou" pou ede ou egzèse dwa ou pou rete an silans si ajan ICE oswa lapolis kanpe oswa poze ou kestyon.
- Ou kapab pote yon kat idantite minisipal, yon kat idantite eta, oswa yon lisans chofè si yo te bay li Ozetazini epi li pa montre okenn enfòmasyon sou estati imigrasyon ou oswa peyi kote ou soti. Si ou gen yon estati legal, ou kapab pote pèmi travay ou oswa kat rezidans pèmanan (Green Card) ki valab. Pale ak yon òganizasyon imigrasyon nan zòn ou an pou konnen ki dokiman ki pi bon pou pote.
- Toujou pote nimewo telefòn yon moun ki kapab mete plan ou yo an aplikasyon, kontakte avoka imigrasyon ou, epi jwenn dokiman enpòtan ou yo si gen yon ijans.
- Pa pote okenn dokiman ki montre peyi kote ou soti.
- Pa janm pote fo pyès idantite oswa fo dokiman imigrasyon.

LÒT RESOUS

Konsila Peyi Ou: Kenbe enfòmasyon pou kontakte konsila peyi ou ki pi pre a. Anpil konsila gen yon nimewo ijans pou sitiyasyon kote ou bezwen asistans touswit. Ekri nimewo sa a epi kenbe li nan yon kote ki fasil pou jwenn si ICE ta mete ou an detansyon.

Dokiman "Konnen Dwa Ou" ak Lòt Resous : Gen anpil resous ki disponib pou ede ou konprann dwa ou anba lwa imigrasyon. Men kèk kote ou kapab kòmanse

kontinye..

- **Immigrant Legal Resource Center (ILRC):**
 - ilrc.me/resources (Resous pou Kominote)
 - ilrc.me/protect for our Know Your Rights Toolkit
- **Informed Immigrant:** informedimmigrant.com
- **National Immigration Law Center (NILC):** nilc.org
- **Immigrants Rising:** immigrantsrising.org

PART IV: ANÈKS YO

ENSTRIKSYON SOU DEKLARASYON OTORIZASYON MOUN K AP PRAN SWEN TIMOUN NAN (CAREGIVER'S AUTHORIZATION AFFIDAVIT – CAA)

Tanpri sonje: Deklarasyon Otorizasyon Moun k ap Pran Swen Timoun nan (Caregiver's Authorization Affidavit - CAA) fèt pou itilize sèlman nan Eta Kalifòni.

ENSTRIKSYON SOU DEKLARASYON OTORIZASYON MOUN K AP PRAN SWEN TIMOUN NAN (CAREGIVER'S AUTHORIZATION AFFIDAVIT CAA)?

Se moun ki pral pran swen pitit ou a ki dwe ranpli epi siyen CAA a. Paran an pa bezwen siyen **CAA a**. Paran an pa bezwen siyen CAA a. Sepandan, paran an kapab anile li nenpòt ki lè epi li toujou gen dwa chanje nenpòt desizyon medikal moun k ap pran swen timoun nan ta pran. Li rekòmande pou moun ou chwazi pou pran swen pitit ou a ranpli CAA a davans. Men, li pa dwe siyen oswa mete dat sou dokiman an jiskaske li vin nesesè pou sèvi avè l.

LÈ W AP ITILIZE CAA A, KIYÈS KI KA SÈVI KÒM MOUN K AP PRAN SWEN TIMOUN NAN?

Nenpòt moun ki ranpli CAA a, kit li se fanmi oswa li pa fanmi timoun nan, epi ki gen laj 18 an oswa plis, kapab sèvi kòm moun k ap pran swen timoun nan.

POU KI SA YO KA ITILIZE CAA A?

Si yon moun ki pa fanmi timoun nan ranpli CAA a, dokiman an ap pèmèt li enskri timoun nan lekòl epi bay konsantman pou timoun nan resevwa swen medikal ki gen rapò ak lekòl. Sèvis medikal sa yo gen ladan yo vaksen, egzamen fizik, ak lòt egzamen medikal lekòl egzije pou enskripsyon oswa pou patisipasyon nan aktivite lekòl. Si yon fanmi timoun nan ranpli CAA a (tankou granparan, matant, tonton, kouzen oswa nenpòt lòt moun lalwa

kontinye..

rekonèt kòm "fanmi" timoun nan), dokiman an ap pèmèt moun sa a enskri timoun nan lekòl, bay konsantman pou swen medikal ki gen rapò ak lekòl, epi bay konsantman pou pifò lòt kalite swen medikal ak swen dantè timoun nan bezwen.

ÈSKE PITIT MWEN DWE RETE KAY MOUN K AP PRAN SWEN LI A POU CAA A VALAB?

Wi. Pou CAA a rete valab, timoun nan dwe rete lakay moun k ap pran swen li a.

Si timoun nan pa rete avèk moun sa a ankò, moun k ap pran swen timoun nan dwe fè lekòl la, founisè swen sante a, oswa plan asirans sante ki te resevwa CAA a konnen sa. Depi lekòl la, founisè swen sante a oswa plan asirans lan resevwa avi ke timoun nan pa rete ak moun k ap pran swen li a ankò, CAA a pa valab ankò.

ÈSKE CAA A BEZWEN NOTARYE?

Non. CAA a pa bezwen notarye. Gen kèk lekòl ki konn mande yon kopi CAA ki notarye, men lalwa pa egzijè sa. JDèpi 1ye janvyè 2026, CAA a dwe genyen yon avètisman ki fè konnen lekòl yo ak founisè swen sante yo pa dwe mande yon sele oswa siyati tribinal, epi yo pa dwe mande dokiman an pou li notarye. **Sonje byen, se sèlman moun k ap pran swen timoun nan ki siyen CAA a. Paran an pa siyen dokiman sa a.**

ÈSKE MWEN TA DWE BAY LEKÒL PITIT MWEN AK FOUNISÈ SWEN SANTE LI YO CAA A TOUSUIT EPI MANDE YO KENBE LI NAN DOSYE?

Non, Ou pa ta dwe bay lekòl pitit ou oswa founisè swen sante li CAA a sof si timoun nan ap viv avèk moun k ap pran swen li a epi paran an pa disponib pou pran desizyon ki gen rapò ak lekòl oswa swen medikal timoun nan.

ÈSKE CAA A GEN YON DAT EKSPIRASYON?

Non, CAA a pa ekspire. Sepandan, si nenpòt enfòmasyon ki sou fòm nan chanje, moun k ap pran swen timoun nan dwe ranpli yon nouvo CAA. Anplis de sa, depi 1ye janvyè 2026 gen yon nouvo vèsyon fòm nan. Si ou genyen yon ansyen vèsyon, li enpòtan pou prepare yon kopi ki ajou.

kontinye..

MWEN VLE YON MOUN RANPLI YON CAA POU LI KA PRAN SÈTEN DESIZYON POU PITIT MWEN LÈ MWEN PA DISPONIB, KI ETAP MWEN DWE SWIV?

Premyèman, chwazi moun ou vle sèvi kòm moun k ap pran swen pitit ou. Apre sa, pale avèk moun sa a pou esplike li sa CAA a pèmèt li fè ak sa li pa pèmèt li fè. CAA a pèmèt li pran kèk desizyon ki gen rapò ak lekòl ak swen medikal pou pitit ou. Sepandan, CAA a **pa** ba li gad legal timoun nan, li **pa** fè li vin gadyen legal timoun nan, epi li **pa** ba li dwa itilize lajan oswa lòt resous finansye ou pou pran swen timoun nan. Finalman, mande moun nan ranpli CAA a, men li pa dwe siyen oswa mete dat sou dokiman an jiskask li vin nesesè pou sèvi avè l.

Moun k ap pran swen timoun nan ta dwe konsève CAA a nan yon kote ki an sekirite. Ou menm tou, ou ta dwe kenbe yon kopi nan dosye dokiman enpòtan ou yo, pou ka gen yon kopi disponib si sa nesesè.

ÈSKE YON MOUN K AP PRAN SWEN TIMOUN NAN KA ITILIZE CAA A POU ÒGANIZE VWAYAJ PITIT MWEN POU RETOUNEN NAN PEYI MWEN SI YO DEPÒTE MWEN EPI MWEN DESIDE PITIT MWEN YO AKONPAYE MWEN?

Non, CAA a sèlman bay moun k ap pran swen timoun nan otorizasyon pou pran desizyon ki gen rapò ak lekòl ak swen medikal timoun nan nan Eta Kalifòni. Si ou bezwen òganize vwayaj pitit ou pou ale nan peyi ou, kontakte anbasad oswa konsila peyi ou pou jwenn enfòmasyon sou pwosedi ki aplikab, sitou si timoun nan pap vwayaje ansanm avèk ou.

ÈSKE MOUN K AP PRAN SWEN PITIT MWEN AN OBLIJE GEN YON ESTATI IMIGRASYON Ozetazini?

Non, Sepandan, li pi bon pou moun ou chwazi a pa yon moun ki gen risk pou yo mete an detansyon oswa depòte tou. Idealman, moun sa a ta dwe genyen yon lisans chofè Kalifòni, yon kat idantite Eta Kalifòni (ID), oswa yon kat konsilè gouvènman bay. Si li pa genyen youn nan dokiman sa yo, li ta dwe pare pou bay yon lòt pyès idantite, tankou yon nimewo Sekirite Sosyal (Social Security Number) oswa yon nimewo Medi-Cal.

DEKLARASYON OTORIZASYON MOUN K AP PRAN SWEN TIMOUN NAN

Itilizasyon deklarasyon sa a otorize dapre Pati 1.5 (ki kòmanse ak Seksyon 6550) nan Divizyon 11 Kòd Fanmi Eta Kalifòni (California Family Code).

Enstriksyon: Ranpli seksyon 1 rive 4 epi siyen deklarasyon an sifi pou otorize enskripsyon yon timoun ki poko gen laj legal nan lekòl epi pou otorize swen medikal ki gen rapò ak lekòl. **Pou otorize nenpòt lòt kalite swen medikal, ou dwe ranpli tou seksyon 5 rive 8.** Ranpli seksyon 5 rive 8 sèlman si ou se yon fanmi timoun nan. Tanpri ekri enfòmasyon yo byen klè oswa tape yo.

Timoun ki nonmen anba a ap viv lakay mwen (mwen menm ki moun k ap pran swen timoun nan), epi mwen gen 18 an oswa plis

1. **Non timoun nan:** _____
2. **Dat nesans timoun nan:** _____
3. **Non mwen (granmoun k ap bay otorizasyon an):** _____
4. **Adrès lakay mwen:** _____
5. ☐ Mwen se yon fanmi timoun nan (gade dèyè fòm sa a pou definisyon mo "fanmi").
6. **Chwazi youn oswa toude opsyon ki anba yo (pa egzanp, si yo te fè youn nan paran yo konnen epi yo pa kapab jwenn lòt la):**
☐ Mwen fè paran an oswa lòt moun ki gen gad legal timoun nan konnen mwen gen entansyon otorize swen medikal pou timoun nan, epi mwen pa resevwa okenn opozisyon.
☐ Mwen pa kapab kontakte paran an oswa lòt moun ki gen gad legal timoun nan kounye a pou fè yo konnen mwen gen entansyon bay otorizasyon sa a.
7. **Dat nesans mwen:** _____
8. **Nimewo lisans chofè Kalifòni mwen, kat idantite Kalifòni mwen, oswa nimewo kat idantite konsilè gouvènman an bay:** _____

AVÈTISMAN POU MOUN K AP PRAN SWEN TIMOUN NAN: Pa siyen fòm sa a si nenpòt nan deklarasyon ki anwo yo pa vre oswa pa kòrèk. Si ou fè sa, ou ka komèt yon zak kriminel ki kapab pini avèk yon amann, prizon, oswa to

AVÈTISMAN POU AJANS EDIKASYON LOKAL YO AK FOUNISÈ SÈVIS SWEN SANTE YO. Yo pa egzije yon so oswa siyati tribinal sou fòm sa a. Fòm sa a pa bezwen notarye.

Mwen deklare, anba pinisyon pou fo temwayaj dapre lwa Eta Kalifòni, ke tout enfòmasyon mwen bay pi wo a se verite epi yo egzak.

Dat: _____ **Siyati:** _____

continued...

NOTICES

1. DEKLARASYON SA A PA AFEKTE DWA PARAN OSWA GADYEN LEGAL TIMOUN NAN KONSÈNAN SWEN, GAD, AK KONTWÒL TIMOUN NAN. LI PA VLE DI MOUN K AP PRAN SWEN TIMOUN NAN RESEVWA GAD LEGAL TIMOUN NAN.
2. NENPÒT MOUN KI AJI AVÈK BON LAFWA EPI KI KONTE SOU DEKLARASYON SA A PA GEN OKENN OBLIGASYON POU FÈ PLIS RECHÈCH OSWA ANKÈT SOU ENFÒMASYON KI LADAN LI.

LÒT ENFÒMASYON:

POU MOUN K AP PRAN SWEN TIMOUN NAN::

1. "POU OBJEKTIF SEKSYON 5 LA, MO "FANMI" VLE DI NENPÒT GRANMOUN KI GEN RELASYON FANMI AK TIMOUN NAN PA SAN, PA ADOPSYON, OSWA PA MARYAJ, JISKA SENKYÈM DEGRE FANMI. SA GEN LADAN BÈLPAPA, BÈLMANMAN, BOFRÈ, BÈL SÈ, ANSANM AK TOUT FANMI KI GEN TIT TANKOU GRAN-, GRAN-GRAN-, OSWA GRANPARAN. LI GEN LADAN TOU MARI OSWA MADANM NENPÒT NAN MOUN SA YO, MENM SI MARYAJ LA TE FINI AKOZ LANMÒ OSWA DIVÒS
2. LALWA KAPAB EGZIJE OU, SI OU PA YON FANMI OSWA YON PARAN ADOPTIF KI GEN LISANS, SÈTIFIKASYON, OSWA APWOBASYON AKTYÈL, POU JWENN APWOBASYON KÒM YON RESOURCE FAMILY DAPRE SEKSYON 1517 KÒD SANTE AK SEKIRITE OSWA SEKSYON 16519.5 KÒD BYENNÈT AK ENSTITISYON YO POU OU KAPAB PRAN SWEN YON TIMOUN KI POKO GEN LAJ LEGAL. SI OU GEN NENPÒT KESTYON, KONTAKTE DEPATMAN SÈVIS SOSYAL LOKAL OU A.
3. SI TIMOUN NAN SISPAWN VIV AVÈK OU, DEKLARASYON SA A PA VALAB ANKÒ. OU DWE FÈ NENPÒT LEKÒL, FOUNISÈ SWEN SANTE, OSWA PLAN SÈVIS SANTE OU TE BAY DEKLARASYON SA A KONNEN TIMOUN NAN PA RETE AVÈK OU ANKÒ. DEPI YO RESEVWA ENFÒMASYON SA A, DEKLARASYON AN PA GEN OKENN VALÈ LEGAL ANKÒ.
4. SI OU PA GENYEN ENFÒMASYON YO MANDE NAN SEKSYON 8 LA (TANKOU NIMEWO LISANS CHOFÈ KALIFÒNI, KAT IDANTITE KALIFÒNI, OSWA KAT IDANTITE KONSILÈ), OU KAPAB BAY YON LÒT FÒM IDANTIFIKASYON, TANKOU NIMEWO SEKIRITE SOSYAL (SOCIAL SECURITY NUMBER) OSWA NIMEWO MEDI-CAL.

POU OFISYÈL LEKÒL YO:

1. **SEKSYON 48204 KÒD EDIKASYON KALIFÒNI** PREVWA KE DEKLARASYON SA A SE YON BAZ LEGAL KI SIFI POU DETÈMINE KOTE TIMOUN KI POKO GEN LAJ LEGAL LA ABITE, SAN LI PA NESESE POU GENYEN YON ÒDONANS TRIBINAL KI ETABLI YON GADYEN LEGAL OSWA NENPÒT LÒT LÒD KONSÈNAN GAD TIMOUN NAN. SA PA APLIKAB SÈLMAN SI DISTRI LEKÒL LA DETÈMINE, DAPRE REYALITE YO, KE TIMOUN NAN PA RETE AVÈK MOUN K AP PRAN SWEN LI A.
2. DISTRI LEKÒL LA KAPAB MANDE LÒT PRÈV REZONAB KI MONTRE MOUN K AP PRAN SWEN TIMOUN NAN ABITE NAN ADRÈS KI ENDIKE NAN SEKSYON 4 FÒM SA A.
3. YO PA EGZIJE YON SO TRIBINAL OSWA SIYATI YON JIJ SOU FÒM SA A. FÒM SA A PA BEZWEN NOTARYE.

U FOUNISÈ SWEN SANTE AK PLAN SÈVIS SWEN SANTE YO:

1. LÈ YON **FANMI** SIYEN DEKLARASYON SA A, LI BAY MOUN SA A MENM DWA GADYEN LEGAL YO GENYEN POU OTORIZE SWEN MEDIKAL POU TIMOUN NAN. AK SWEN DANTÈ POU TIMOUN NAN, MENM JAN AK DWA GADYEN LEGAL YO RESEVWA DAPRE SEKSYON 2353 KÒD PWOBASYON KALIFÒNI (PROBATE CODE). SWEN

continued...

MEDIKAL YON FANMI KI AP PRAN SWEN TIMOUN NAN KAPAB OTORIZE A KA GEN LADAN TRETMAN POU SANTE MANTAL, SELON LIMIT KI TABLI NAN SEKSYON 2356 KÒD PWOBASYON KALIFÒNI (PROBATE CODE).

- 2. YON FOUNISÈ SÈVIS SWEN SANTE KI, AVÈK BON LAFWA, KONTE SOU DEKLARASYON OTORIZASYON MOUN K AP PRAN SWEN TIMOUN NAN (CAREGIVER'S AUTHORIZATION AFFIDAVIT) POU BAY SWEN MEDIKAL OSWA SWEN DANTÈ, SAN LI PA KONNEN OKENN ENFÒMASYON KI KONTREDI SA KI EKRI NAN DEKLARASYON AN, PA RESPONSAB NI ANBA LWA KRIMINÈL NI ANBA LWA SIVIL ANVÈ OKENN MOUN. LI PA SIBI OKENN MEZI DISIPLINÈ PWOFEYONÈL POUTÈT LI TE KONTE SOU DEKLARASYON AN, DEPI TOUT PATI KI APLIKAB NAN FÒM NAN RANPLI KÒRÈKTEMAN*
- 3. DEKLARASYON SA A PA BAY TIMOUN NAN ESTATI DEPANDAN POU REZON PWOTEKSYON OSWA KOUVÈTI ASIRANS SANTE.*

ENFÒMASYON ENPÒTAN SOU TIMOUN YO

Kenbe enfòmasyon sa yo nan yon kote ki an sekirite pou moun ou chwazi pou pran swen pitit ou yo lè ou pa disponib toujou genyen tout enfòmasyon yo bezwen. Ranpli, sove, epi enprime yon kopi pou chak timoun ki rete lakay ou.

Non Timoun nan:	
Dat Nesans :	
Nimewo Telefòn Selilè Timoun nan (si sa aplikab):	
Non Lekòl la:	
Adrès Lekòl la:	
Nimewo Telefòn Lekòl la:	
Non Pwofesè a:	
Nimewo Telefòn ak/oswa Imèl Pwofesè a (si sa aplikab):	
Nimewo Sal Klas la:	
Nimewo Telefòn Pwogram Apre Lekòl la (si sa aplikab):	
Pwogram Apre Lekòl (si sa aplikab)	
Lòt Kan, Espò oswa Pwogram:	
Nimewo Telefòn Lòt Kan, Espò oswa Pwogram nan (si sa aplikab):	
Alèji:	
Pwoblèm Sante:	
Medikaman:	
Nimewo Telefòn Doktè a::	
Adrès Doktè a:	
Enfòmasyon sou Asirans Sante:	

Dokiman entèaktif sa a kapab ranpli sou òdinatè lè w sèvi ak yon pwogram pou louvri oswa modifye dosye PDF, oswa ou kapab enprime li epi ranpli li avèk lank ble oswa nwa.

NIMEWO IJANS AK ENFÒMASYON KONTAK ENPÒTAN

Kenbe enfòmasyon sa yo ansanm nan yon sèl kote pou ou menm ak fanmi ou kapab jwenn yo fasil lè sa nesesè.

NIMEWO IJANS	
Ijans Imedyat	911
Depatman Lapolis	
Depatman Ponpye	
Sant Kontwòl Anpwazònman	
KONTAK FANMI	
Manman/Paran/Gudye	
Telefòn Lakay	
Telefòn Selilè	
Adrès Travay	
Telefòn Travay	
Papa/Paran/Gudye	
Telefòn Lakay	
Telefòn Selilè	
Adrès Travay	
Telefòn Travay	
Lòt Kontak Ijans ak Relasyon:	
Telefòn Selilè:	
Lòt Kontak Ijans ak Relasyon:	
Telefòn Selilè:	
Lòt Kontak Ijans ak Relasyon:	
Telefòn Selilè:	

LÒT KONTAK ENPÒTAN	
Doktè	
Nimewo Telefòn	
Konpayi Asirans Sante:	
Nimewo Polis Asirans:	
Pedyat	
Nimewo Telefòn:	
Konpayi Asirans Sante:	
Nimewo Polis Asirans	
Dantis	
Nimewo Telefòn	
Konpayi Asirans Dantè:	
Nimewo Polis Asirans:	
Konsila	
Adrès	
Nimewo Telefòn	
Avoka oswa Òganizasyon San Bi Likratif ki Bay Sèvis Legal	
Adrès:	
Nimewo Telefòn:	
Legliz / Tanp / Moske / Kote Adorasyon	
Adrès	
Nimewo Telefòn	

DOSYE DOKIMAN ENPÒTAN YO

Kenbe dokiman sa yo, oswa kopi yo, nan yon kote ki an sekirite. Fè pitit ou yo, manm fanmi ou, ak moun ki pral pran swen timoun yo nan ka ijans konnen ki kote dosye sa a ye.

[] Paspò

[] Lisans chofè ak/oswa lòt kat idantite

[] Batistè

[] Kat Sekirite Sosyal (Social Security Card) oswa nimewo ITIN

[] Sètifika Maryaj (si sa aplikab)

[] Enskripsyon nesans timoun ki fèt Ozetazini epi ki anrejistre nan peyi paran yo (si sa aplikab)

[] Deklarasyon Otorizasyon Moun k ap Pran Swen Timoun nan (Caregiver's Authorization Affidavit) ak/oswa Fòm GC-211 – "Nominasyon Gadyen", si sa aplikab

[] Enfòmasyon enpòtan sou timoun yo

[] Nimewo ijans ak enfòmasyon kontak enpòtan

[] Yon dokiman alekri ki endike kiyès ou chwazi kòm moun ki pral pran swen pitit ou si ou pa disponib, ansanm ak nenpòt akò nou te fè ansanm

[] Enfòmasyon medikal timoun yo, tankou enfòmasyon sou asirans sante, lis medikaman yo pran, ak enfòmasyon pou kontakte doktè yo

[] Nenpòt lòt dokiman ou ta vle kapab jwenn byen vit nan yon sitiyasyon ijans

[] Nimewo A-Number ou ansanm ak tout dokiman imigrasyon ou yo (Pèmi Travay, Green Card, Visa, elatriye)

[] Dokiman ki montre ou abite Ozetazini ansanm ak kantite tan ou te prezan fizikman Ozetazini